

Lè timoun yo pè depòtasyon yon paran

Pandan lòd ranfòsman kontwòl imigrasyon yo ap vin pi sevè, anpil timoun pè pou yo pa separe ak paran yo ak lòt fanmi pwòch yo. Dokiman sa a, pwofesyonèl sante mantal pou timoun yo prepare, dekri demach fanmi imigran ak refijye yo ka fè pou soutni rezistans timoun yo ak bon relasyon yo genyen yo pandan peryòd sa a ki bay anpil laperèz.

Fason pou kòmanse konvèsasyon yo:

Paran yo ka enkyete yo konvèsasyon sou depòtasyon ap twomatize timoun yo plis toujou. Sepandan, rechèch yo montre lè timoun ap fè fas ak sitiyasyon ki fè yo pè, yo santi yo mwens pè si yo te prepare davans sou sa yo ka atann. Menm si konvèsasyon sa yo difisil, li enpòtan pou kòmanse yo bonè.

- Toujou pran yon ti moman pou detann ou epi kalme w anvan ou kòmanse yon konvèsasyon konsa. Si ou pa santi ou pare, pran swen tèt ou epi eseye ankò yon lòt lè.
- Ou ka bezwen pale ak pitit ou a plizyè fwa sou sijè sa a pou reponn kesyon li genyen yo epi ba li plis asirans..
- Itilize mo pitit ou a konprann epi pale ak yon vwa kalm.

Gen kèk timoun ki kenbe enkyetid yo pou tèt yo paske yo pa vle bay paran yo pwoblèm. Asire w pitit ou a konnen ou vle tandè sa li panse an prive. Ou ka di bagay tankou :

- *"Mwen te tris anpil lè yo pran M. Pierre semèn sa a. Mwen ap mande tèt mwen si ou pè menm bagay la ka rive m."*
- *"M ap mande tèt mwen si ou tandè moun nan lekòl la ap di move pawòl sou moun ki vin viv isit ki soti nan yon lòt peyi."*
- *"Se pa yon pwoblèm si ou santi w pè, fache, oswa tris lè n ap pale de sa a. Mwen pa pè santiman ou yo, epi mwen toujou vle konnen sa k ap pase nan tèt ou."*



Pitit ou a ka tandè pawòl ki fè kwè moun ki pa gen papye yo se kriminel oswa ènmi. Li enpòtan pou timoun yo konnen paran yo ap fè tout sa yo kapab pou yo bon moun. Ba yo [lòt langaj](#) pou yo ka konprann kisa sa vle di lè yon moun san papye. Nou sijere pou mete aksan sou reyalyte sa a se yon pwoblèm administratif. Pa egzanp:


- *"Moun bezwen papye pou yo rete Ozetazini, epi anpil moun (tankou mwen menm) toujou ap tann papye pa yo. Sa a pa vle di mwen se yon move moun; sa a sèlman montre li pran tan pou m jwenn papye sa yo. Mwen ka oblije al viv yon lòt kote pandan yon ti tan pandan m ap tann."*

Menm si pitit ou a se yon timoun piti, di li kiyès k ap pran swen l si ou ta oblije ale, kijan jounen li yo ka ye lakay moun sa a, epi kijan ou pral rete an kontak avèk li menm si ou lwen youn ak lòt. Pa egzanp:

- *"Paran Jovi yo ap reveye w, mennen w nan gadri, jwe avèk ou, ba ou manje aswè, bwose dan w, li yon istwa pou ou, epi di ou bon nwit."*
- Asire w timoun nan deja pase tan nan kay sa a epi li konnen granmoun sa a renmen l.

Timoun yo santi yo pi an sekirite lè paran yo jwenn fason pou fè yo konnen santiman yo nòmal epi yo rete kalm. Lè w ap fè konvèsasyon sa yo ak pitit ou a, ekspriye santiman ou yo nan yon fason ki kalm epi ki ba yo asirans. Pa egzanp:

- “Si mwen ta oblije ale pandan yon ti tan, mwen t ap tris anpil. Mwen t ap sonje w chak jou epi mwen t ap priye pou nou ka ansanm ankò. Epi ou t ap an sekirite chak jou ak Matant Angela.”



Pandan tan sa a:

Ranpli yon [plan preparasyon pou fanmi](#) pou chak timoun nan fanmi w. Egzanp sa a soti nan Massachusetts; jwenn yon vèsyon ki reflekte lwa nan eta kote ou ye a.

Asire w ou ranpli yon [fòm](#) ki deziyen yon moun oswa yon fanmi ou fè konfyans pou pran swen pitit ou a si yo depòte w. Pote fòm sa a kay yon notè pou rann li ofisyèl. Lyen sa a se pou yon fòm nan eta Minnesota.

Ede pitit ou a devlope fyète pou moun li ye a. Timoun imigran Ozetazini yo reyisi pi byen lè yo kapab adapte yo ak kilti ameriken an pandan yo kenbe yon koneksyon pozitif ak eritaj yo. Ou ka fè sa a lè w:

- Prepare resèt ki soti nan kilti w
- Koute mizik ki soti nan peyi w
- Fè pitit ou a patisipe nan pratik relijye ak espirityèl ki enpòtan pou ou



Aprè separasyon kout (pa egzanp, lè w al chèche l lekòl), di pitit ou a ou t ap panse avèk li, epi ede l konprann nou rete konekte menm lè nou pa ansanm.

Si pitit ou a tande pawòl negatif sou imigran oswa Ayisyen yo, fè l konnen santiman doulè ak kòlè li yo nòmal. Apresa, anseye l pawòl sa yo pa kòrèk. Pa egzanp:

- “Sa a fè m fache anpil lè yon moun di sa a. Gen kèk moun ki kwè aparans yon moun, lang li pale, oswa kote li soti gen rapò ak ki jan de moun li ye oswa enpòtan li kòm moun. Moun sa yo nan erè, epi yo vrèman nan konprann anyen!”
- Repete souvan enfòmasyon ki pi enpòtan yo (kote ou di timoun nan bon epi li enpòtan menm jan ak tout lòt moun). Pou timoun ki pi gran yo, ou ka pale sou rezon ki fè kwayans rasis oswa anti-imigran yo pa kòrèk.

Li enpòtan pou timoun yo santi yo gen yon bagay yo ka fè lè yo pè. Ou ka pale ak pitit ou a sou yon “travay” espesyal li pral genyen si ou ta oblije ale, tankou li yon liv chak jou pou yon frè oswa yon sè ki pi piti, oswa toujou ekri nan yon jounal pèsònèl, oswa fè desen sou aktivite chak jou li yo pou li ka pataje avèk ou yon jou.



Woutin yo fè pitit ou a santi l an sekirite epi ede l ranfòse idantite l. Kenbe woutin fanmi ki deja etabli yo (ale lekòl, repa, istwa anvan l al dòmi, priye, elatriye).

- Pale ak moun ki ka pran swen pitit ou a nan lè ou pa la a pou asire w woutin sa yo ap kontinye si w vin pa menm kote ak li menm.

Repete non epi dekri moun ki pral kontinye renmen epi soutni timoun nan souvan nan kèlkeswa sityasyon an (pwofesè, matant ak tonton, pastè, elatriye).

Sante mantal pa w gen anpil enfluyans sou sante pitit ou a. Rete konekte regilyèman ak moun ak pratik ki ede w santi w byen, epi anvizaje pale ak pwofesyonèl sante mantal oswa lòt lidè kominotè.

Liv yo ka ede timoun yo konprann se pa yo menm sèlman ki gen santiman sa yo. Yon lòt bagay ki pi bon toujou: Si w li yo ansanm, sa montre ou kapab pale avèk yo sou eksperyans sa yo.

- [El hilo invisible \(Fil envizib la\)](#)
- [La luna mango \(Lalin mango\): Cuando la deportación divide a una familia \(Lè depòtasyon divize yon fanmi\)](#)
- [Amigos del Otro Lado \(Zanmi Lòt bò yo\)](#)
- [From North to South / del Norte Al Sur](#)

Pou tibebe ak timoun ki pi piti:

Montre pitit ou a foto fanmi pwòch ki rete lwen, epi pratike voye “bèl swè” ba yo (pa egzanp, voye bo nan foto a).



Voye yon foto fanmi w bay moun ki ka pran swen pitit ou a, pou timoun nan ka voye bèl swè ba ou si w vin pa menm kote avèk li.

Timoun piti itilize jwèt pou yo konprann santiman yo ak eksperyans yo. Antre nan jwèt yo ansanm ak yo ka ede yo kominike avèk ou. Pote atansyon ak bagay yo konsantre sou yo epi pale plis sou sa. Bay ankourajman ak felisitasyon, epi montre ou kontan jwe avèk yo.

Chan ak vwa yo konnen ka ede tibebe w la santi l an sekirite epi konekte l ak kilti l. Chwazi yon chan pou chante regilyèman ak tibebe w la, fè yon anrejistreman vwa w pandan w ap chante l, epi pataje l ak moun ki ka pran swen tibebe w la si ou pa la.

Pou timoun ki pi gran ak adolesan:

Timoun ki pi gran ak adolesan souvan santi yo gen responsablite pou yo pran swen frè ak sè ki pi piti yo, epi pou yo travay nan djòb ki peye si yo depòte yon paran. Asire w yo santi yo kapab jwe wòl sa yo; pa egzanp, yo konnen kijan pou yo mennen frè ak sè ki pi piti yo lekòl epi netwaye kay la. Adolesan adapte yo pi byen ak estrès lè yo santi yo konpetan epi yo gen yon objektif.

Asire w gwo enkyetid pa anpeche pitit ou a fè sa ki pral soutni devlopman l alontèm: reyisi lekòl, dòmi byen, epi ranfòse amitye. Eksplike l byen ou vle li kontinye fè travay sa yo menm si yo depòte w.

Asire w adolesan w lan konnen li toujou rete pitit ou, menm lè wòl li yo chanje. Itilize tout konsèy ki nan bwochi sa a pou fè yo konprann ou pran angajman pou pran swen yo, menm si nou pa ansanm an pèsòn. Repete souvan non moun ki pral ede pran swen adolesan an epi defann enterè l. Montre ou vle pitit ou a gen ekilib ak repo nan lavi l.

- *“Pran swen Sol ak Jhonathan se yon travay aplentan, epi mwen tèlman kontan yo pral genyen w avèk yo! Pastè Luis ak konseye lekòl ou a ap ba ou plis sipò si li difisil pou ou fè tout travay sa yo.” “Manman w ak mwen menm te vrèman bezwen sa a pafwa.”*

Ede adolesan w lan konekte regilyèman ak yon konseye, tankou yon zanmi fanmi an, yon fanmi, yon antrenè, yon lidè kominotè, yon terapey, oswa yon pwofesè. Relasyon sa a ka ede bay plis estabilite si w vin pa menm kote ak li menm.

Domèn kote pou ou pran prekosyon:

Eseye pa dekri ni montre imaj oswa videyo medya sou depòtasyon ki fè moun pè, tankou sant detansyon oswa arestasyon fòse.



Eseye pa di bagay negatif sou lòt gwoup anjeneral (pa egzanp, “Ameriken,” “Meksiken,” “moun Blan,” “moun Nwa”). Pandan pitit ou a ap kontinye grandi, li pral enpòtan pou li fòme koneksyon pozitif ak diferan kalite moun. Mete aksan pito sou reyalyte kote pifò granmoun vle ede timoun, epi tout kalite moun ka pa danjere epi yo gen jantiyès.

Hodges, H. R., Banegas, J. M., Doyle, C. M., Lingras, K. A., & Abdi, S. M. (2025). Lè timoun yo pè depòtasyon yon paran (When children are afraid of a parent's deportation).

Email hhodges@umn.edu with questions or translation requests.